

## Célébration du 40ème Anniversaire du Groupe Dorcas et Bons Samaritains

- **Prélude: Musique Instrumentale**
- **Entrée du Groupe Dorcas et Bons Samaritains**
- **Invitation à l'Adoration**

### Tout bonè mwen nan Jezikri

Kris pou mwen! (2 fwa)  
San Jezi mwen pa gen lavi,  
Kris pou mwen!  
Se li ki Wa m, li se Sovè m,  
Se li menm tou ki bon doktè m  
Si l pa te la, sa mwen ta fè ?  
Kris pou mwen! (2 fwa)

2

Kite zòt batay pou lajan,  
Kris pou mwen (2 fwa)  
Mwen gen kichòy pi konsekan,  
Kris pou mwen!  
Si ou ban m rad avèk bijou,  
Si ou fè m rich nan yon sèl jou,  
Tou sa se pa anyen toujou,  
Kris pou mwen! (2 fwa)

3

Nan sante kou nan maladi,  
Kris pou mwen! (2 fwa)  
Lè kè m kontan, lè m ap soufri,  
Kris pou mwen!  
Lè tan m rive pou mwen mouri,  
Kite tout bagay nan lavi,  
Mwen p ap kriye, mwen p ap kouri,  
Kris pou mwen! (2 fwa)

### Mwen vle rakonte toupato

Kòman Jezi renmen mwen;  
Sou latè li vini yon jou  
Pou li bay vi li pou mwen.

*Se yon bèl istwa n ap rakonte,  
Jezikri mouri pou nou.*

*Annou chante, annou adore  
Yon Wa ki si renmen nou!*

2

Mwen te pèdi, li sove mwen,  
Li te wè jan m t ap soufri;

Ak bra li, li antoure mwen,  
Li pran mwen sou zepòl li.

3

A! Byen souvan mwen akable,  
Lavi a bat kouraj mwen;  
Men mwen pa pè, Jezi tou pre  
Pou rekonfòte nanm mwen.

4

Toujou Jezi se Sovè mwen,  
E kan lè a va rive  
Pou m ale wè Redanmtè mwen,  
Se avèk jwa mwen prale.

### Prière pastorale

Mennen mwen, o Bon Sovè !  
Kondwi m nan chemen sali.  
Avèk ou m pa bezwen pè.  
Nan ou sèl mwen jwenn lavi.

**Jezi, Jezi, pa kite m, o Bon Sovè.**

**Fè m soti nan tantasyon.**

**Senyè fè m gen laviktwa.**

2.

Jezi, pa kite m isi  
Sou tè sa ki plen doulè.  
San ou nan pwen lòt zanmi,  
Men nan ou mwen jwenn bonè.

3.

Ou te leve m nan labou  
Kote k te plen mehanste.  
Wa fè m rive nan Syèl tou.  
Se laglwa ou m a chante.

Lecture Biblique :  
Romains 12 :1-21

**Ala bèl lè m'ap sèvi ou**

Ala bèl lè m'ap sèvi ou,  
Jezi, Sovè mwen !  
Sakrifis m'ap ofri ba ou,  
Wi, li dous anpil.

**Pran, o Jezi pran lavi mwen,**

**Mwen lage'l nan men'w.  
E nan gras ou ki pap fini,  
Pwoteje'm kont mal.**

2.

Dezi kè'm, sa'm ta pi renmen  
Se pou'm toujou sen !  
Sa'm renmen, wi tout sa mwen vle  
Se fè volonte'w.

3.

Tankou zanj ki vole rapid  
Mwen vle sèvi ou :  
Se pou je'm fikse sou gid mwen,  
Nan lobeyisans.

4.

M' pa pè travay, doulè, soufrans ;  
Non, m'pa pè anyen.  
Jezi se ou k' esperans mwen,  
Se ou k' tout byen mwen.

5.

Ansanm n'ap vanse pou laglwa,  
Pike pi devan.  
N'ap chante chan laviktwa nou,  
Se nou k' pou genyen.

- **Annonces et Accueil aux visiteurs**
- **Souhaits : Pasteur Elvéus Sylvain**
- **Chants Spéciaux : Sr Maude Pierre-Louis**
- **Groupe Dorcas et Bons Samaritains**
- **Sr Rose-Marie Bernard / Br Fleurio Céus et le Comité**
- **Le Diaconat : Prière et Offrandes**

### Le signal de la victoire

Déjà brille aux cieux;  
La couronne de la gloire  
Paraît à nos yeux.

**Je viens, combattez encore!**

**Dit Jésus à tous.**

**Oui, mon Sauveur, je t'implore,  
Je lutte à genoux.**

Que l'ennemi plein de rage  
Redouble ses coups,  
Nous ne perdons point courage:  
Christ est avec nous.

Suivons, amis, la bannière  
Du Sauveur en croix,  
Et que notre armée entière,  
Se range à sa voix.

Rude et longue est la mêlée:  
Voici le secours!  
Dans nos mains prenons l'épée  
Qui vainquit toujours !

### Voyez l'étendard céleste

Qui s'agite au vent!  
C'est un secours manifeste;  
Frères, en avant!

**« Tenez fermes, car j'avance »**

**Amis répondons:**

**« Ô Jésus, notre espérance,  
Par toi nous vaincrons! »**

Satan, Prince de ce monde,  
Redouble ses coups.  
Notre faiblesse est profonde  
Que deviendrons-nous?

Sur la montagne prochaine  
Sonnent les clairons...  
Au nom du grand Capitaine  
Nous triompherons!

Le combat est long, peut-être,  
Élevons nos cœurs!  
Avec Jésus notre Maître,  
Nous serons vainqueurs!

**Prédication de l'Évangile :  
Rev Dr Joseph Etienne**

**Map tande bèl vwa bon Sovè mwen :**

Vin swiv mwen; (3 fwa)  
Vwa Jezi ap rele m tout jounen:  
Vin swiv mwen; (3 fwa)  
Mwen te monte Kalvè pou ou;  
Mwen te bay lavi m pou sove ou;  
San m vèse dèt peche ou :  
Vin swiv mwen. (3 fwa)

2

Ou te peche, men ou jwenn padon;

Vin swiv mwen; (3 fwa)

M a kase tout chenn peche ou yo;

Vin swiv mwen; (3 fwa)

Tout lòt bagay ave chanje,

Mwen va dirije ou, si ou vle,

M va jwa ou pou letènite,

Vin swiv mwen. (3 fwa)

3

Vin remèt mwen tout chagren ou yo,

Vin swiv mwen; (3 fwa)

Mwen prèt pou wete fado ou yo,

Vin swiv mwen; (3 fwa)

Vin jwenn repo, kite krent ou;

Fè m konfyans pou sa k va rive ou,

M a seche tout dlo nan je ou;

Vin swiv mwen. (3 fwa)

### Prière finale et Bénédiction

#### Postlude :

#### Distans m-rivé santi-m pap kap tounen ankò

Mwen pap tounen, mouin pap tounen

Men-m si loraj, danjé ménasé, frapé mwen

Ankò mwen di, mwen pap tounen.

#### O non, non, non mwen pap tounen

#### Paské anro ki atiré-m

#### Déjà avyon mwen dékolé

#### Dépasé pwen pou-m pa tounen.

2.

Lé mòn-n ak plézi-l yo rélé légliz tounen

Anro rélé-m pou-m pa tounen

Men-m si nyaj yo lévé ésprè pou vi-n baré-m

Yon pa ankò map wè Sovè-a.

3.

Lè gwo van ak tanpèt yo lévé kont mwen

Légliz kanpé sou yon sèl mo

M-déjà pati pou yon sité lòt moun anwo

Koté mèt mwen ap di bravo.

4.

Men-n si anpil lòt yo tonbé nan wout chak jou

Légliz Kris la pa chaviré

Pilòt la trè sèten énmè ap ranvèsé

Lè-a sonnen fòk nou monté.



#### UPCOMING & WEEKLY EVENTS:

#### ANNUAL CONFERENCE & HARVERST (June 4<sup>th</sup> - 11<sup>th</sup>) "While Waiting for the Blessed Hope" Titus 2:11-14

Prayer Line, Dial:

720-527-5773 • Pin: 475223#

508-924-2799 (No Pin)

- **EBNJ in Prayer**, Mon. – Fri.  
5 – 6 AM • 11:30 - 12:30 PM
- **Bible Studies**
  - Pastor Elvéus Sylvain  
Mondays 7 - 9 PM
  - Dr. Joseph Etienne  
Tuesdays: 7 - 9 PM
  - Dr. Kenslio Ojentis  
Wed. 7 – 9 PM  
Zoom ID: 811 4000 4391
- **Gideon Group**, Wed. 7 – 9 PM

LIKE US ON FACEBOOK AND YOUTUBE.

REMEMBER TO SHARE & SUBSCRIBE.

<https://facebook.com/ebnjchurch80>

<https://youtube.com/ebnjchurch>

#### GROUPE MARANATHA LABOR DAY RETREAT 2023

DATE: Fri., Sep. 1<sup>st</sup> – Mon., Sep. 4<sup>th</sup>

THEME: "Behold, I am making all things new"

LOCATION: Tuscarora Center,  
Pennsylvania

#### REGISTRATION IS OPEN.

Mar. 5, 2023 – Apr. 30, 2023

Non-refundable registration Fee

\$ 50 – single

\$100 – couple

#### FOR INFORMATION:

Kebner N.: (973) 444-8305

Nerline P.: (201) 779-7425

Please hurry! First come, first serve!

#### LINK TO DOWNLOAD REGISTRATION FROM:

<https://ebnjchurch.org/mretreat2023>

*Thank you*

*For worshipping with us*



SCAN TO DONATE



#### EGLISE BAPTISTE

#### DE LA NOUVELLE JERUSALEM

706 Nye Ave, Irvington NJ 07111

973-372-8782 • [www.ebnjchurch.org](http://www.ebnjchurch.org)

Rev. Elvéus Sylvain, Senior Pastor

### SERVICE D'ADORATION

Dimanche 16 Avril 2023

10 :30 AM – 12 :15 PM

#### Thème

*Le Chrétien Consacré*

*« The Consecrated Christian »*

*Rom. 12:1-21*

*Prédicateur*

*Rev. Dr. Joseph Etienne*



Seulement, au point où nous sommes parvenus,  
marchons d'un même pas."

(Only let us live up to what we have already  
attained.) Phil. 3:16